



Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education

75 Pleasant Street, Malden, Massachusetts 02148-4906

Telefòn: (781) 338-3000

TTY: Relè N.E.T 1-800-439-2370

Jeffrey C. Riley
Manm komisyon

9 Septanm 2020

Chè Paran ak Responsab Legal yo,

Pandan n ap kòmanse nouvo lane lekòl la, m ap ekri pou pataje ak ou kèk mizajou ki enpòtan sou Depatman edikasyon elemantè ak segondè (the Department) ap fè pou sipòte elèv ki nan Pwogram Edikasyon Endividyèl (IEPs) pandan lekòl la ap relouvri.

Premyèman, mwen vle remèsye ou pou kouraj ou nan jan ou jere sikonstans difisil sa yo nan moman sa. Ou fè efò nan fason ki remakab pou bouche twou vid fèmti lekòl yo lakòz. Nou konn sa, espesyalman pou elèv ki andikape yo, se pat yon tranzisyon ki fasil oubyen dous. Depatman an, ansanm ak tout distri epi lekòl yo, angaje nan yon patenarya ak ou pou byen sipòte pitit ou pou l aprann epi grandi nan lane lekòl sa.

Reouvèti pou Otòn ak Sèvis Edikasyon Espesyal

Objektif Depatman an se pou mennen retounen maksimòm elèv posib, depi l posib, nan enstriksyon an pèsòn epi sèvis espesyal. Lè sa a, distri pitit ou ap chwazi modèl enstriksyon ki koresponn ak bezwen lekòl nan kominote a. Kèlkeswa jan pitit ou ap resevwa enstriksyon - an pèsòn, ibrid, oubyen a distans - genyen kat bagay enpòtan ou sipoze konnen sou sèvis edikasyon espesyal yo pou lane lekòl 2020-2021.

1. Pwofesè edikasyon espesyal pitit ou a oubyen administratè a ap rete an kontak ak ou pou diskite si epi kòman pitit ou a ap resevwa sèvis edikasyon espesyal ki diferan de jan sa ekri nan IEP pitit ou a. Ou sipoze resevwa yon lèt pou fè swivi ak diskisyon sa a, ki dekri, kibò, kilè, kòman, epi kilès k ap bay pitit ou a sèvis IEP a. Lekòl pitit ou a ap ba ou tout enfòmasyon nan lang manman ou, itilize yon entèprèt oubyen yon tradiktè si ou bezwen.
2. Avi ou sou pwogrè pitit ou a epi bezwen li genyen anpil valè, espesyalman pandan lekòl ak distri yo ap travay pou akeyi timoun yo nan reouvèti lekòl la ak tout sekirite posib.
3. Lekòl ou ak distri a sipoze **aplike IEP timoun ou an totalman** epi bay yon edikasyon ki apwopriye epi gratis (FAPE), kèlkeswa si pitit ou ap aprann a distans, andedan lekòl, oubyen yon konbinezon de toulede.
4. Yo priyore elèv ki andikape yo, patikilyèman elèv preskolè yo, ak sa yo ki gen bezwen ki konplike epi konsiderab, pou resevwa enstriksyon an pèsòn.

Depatman an rekonèt tout timoun kapab bezwen yon tip sipò an plis pou adrese bezwen edikasyon ak sosyal emosyonèl yo. Sipò sa ap ede yo nan tranzisyon an ak siksè nan nouvo fason lekòl yo pral opere nan lane lekòl 2020-21 akòz pandemi a. Pou adrese bezwen patikilye timoun ak IEP yo pandan y ap retounen lekòl, Depatman an bay *Sèvis pou Konpanse Fich Done pou paran yo*. Fich Done sa a fèt pou ede ekip IEP a pran desizyon sou nenpòt sèvis ak sipò timoun ki nan IEPs yo kapab bezwen akòz deranjman enstriksyon an pèsòn pandemi COVID-19 nan. Fich Done a pral disponib

nan plizyè lang epi ou ka jwenn li la a: <http://www.doe.mass.edu/covid19/sped.html>

Resous pou Fanmi yo

Pwofesè elèv yo ak lidè lekòl yo ap enpòtan anpil kòm patnè pou ou pandan w ap sipòte pitit prepare pou reouvèti lekòl la. Ou kapab travay tou ak Konsèy Edikasyon Espesyal pou Paran (SEPA) pou ranfòse kolaborasyon distri a ak fanmi yo. Anba a w ap jwenn lyen pou enfòmasyon espesyal sou Fanmi ki gen timoun ki andikape yo.

- Depatman Edikasyon Nan Etazini (USED) Biwo Pwogram pou Edikasyon espesyal (OSEP) te kreye yon paj [Resous Fanmi](#) ki mete ansanm sant USED sibvansyone, Pwogram departman yo ak enfòmasyon anplis ki nan enterè paran ak fanmi yo.
- [Federasyon pou Timoun ki gen Bezwen Espesyal yo \(FCSN\)](#) bay resous ak antrènman pou fanmi ak pwofesè. FCSN fokis travay yo pou adrese pwosesis reouvèti lekòl la: <https://fcsn.org/fall-schools-reopening-2020-21/>
- [Sant Nasyonal pou Nouvo Modèl Piramid yo](#), bay fanmi ki gen timoun piti yo resous pou ede timoun fè fas ak defi ki ka rive nan moman sa nou poko janm wè.
 - [Pwofesè m Nan Vle Konnen](#)
 - [Pote Mas](#) se yon istwa sosyal pou ede jenn timoun yo konprann nesosite pou yo pote mas nan figi yo. 1

Lè mwen rankontre ak kòlèg mwen yo atravè Commonwealth, m toujou fè yo sonje nou pi byen ansanm. Mwen vrèman kwè sa. Ansanm, nou tout ansanm - paran, elèv, lekòl, epi distri - n ap bay meyè nan nou menm pou ede timoun yo aprann epi grandi nan sekirite epi ki sanitè. Mwen rekonesan pou patenarya ou.

Salitasyon,

Russell Johnston

Direktè Manm Komisyon ak Direktè Eta a pou Edikasyon espesyal